

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar saméméhna ngeunaan purwakanti jeung larapna dina pangajaran di SMA kelas XII bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina carita pantun *Budak Mandjor* kapaluruh aya 582 purwakanti, kalayan frékuénsina aya 1.182 kali. Ayana repetisi purwakanti dina unggal pada nunjukkeun kaayaan carita pantun *Budak Mandjor* téh euyeub ku purwakanti

Kadua, wanda purwakanti nu kapaluruh ngawengku 11 purwakanti nyéta purwakanti pangluyu, maduswara, cakraswara, laras purwa, laras madya, laras wekas, mindoan kawit, mindoan wekas, margaluyu, mindoan kecap, jeung rangkepan. Dina carita pantun *Budak Mandjor* kapaluruh dina hiji adegan kalimah aya dua atawa tilu purwakanti nu ngarangkep, ku kituna ku panalungtik diaranan purwakanti rangkepan.

Katilu, pola purwakanti diwangun ku pola struktur basa wianjana, vokal, engang, kecap jeung frasa. Pola purwakanti struktur wianjana leuwih loba diwangun ku wianjana nasal-vélar /ng/, mandeg vélar /-k-/, mandeg-déntal /-t/ jeung wianjana geter-alvéolar /-r-/. Pola purwakanti struktur swara (vokal) leuwih loba diwangun ku sora /u/, /a/, jeung /i/. Pola purwakanti struktur kecap lulugu leuwih loba diwangun ku kecap barang jeung kecap pagawéan. Pola purwakanti struktur kecap pancén leuwih loba diwangun ku kecap pangantét (*préposisi*), kecap panyambung (*konjungsi*), jeung kecap panambah (*adverbial*).

Kapat, purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor* bisa dijadikeun bahan pangajaran, hususna ngeunaan aprésiasi sastra. Sabada dianalisis saperti anu di tétélakeun saacanna, yén carita pantun *Budak Mandjor* ieu téh bisa dijadikeun alat pikeun nepikeun pangajaran apresiasi sastra wangun ugeran utamana purwakanti. Lian ti éta data purwakanti anu geus kapaluruh ogé bisa dijadikeun mamans basa dina ngarang karya sastra wangun ugeran lianna.

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor* téh euyeub pisan, bisa ditalungtik dumasar kana papasingan wandana sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

5.2 Implikasi

Purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor* téh bisa di larapkeun di sakola dina pangajaran aprésiasi sastra wangun ugeran, bisa dina pangajaran carita pantun bisa ogé dina sajak, kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré téks sempalan carita pantun *Budak Mandjor*;
- 2) siswa dibéré pancén pikeun maca sempalan carita pantun;
- 3) siswa néangan néangan conto purwakanti tina sempalan carita pantun.
- 4) siswa nganalisis purwakanti anu kapaluruh dina sempalan carita pantun dipasing-pasing luyu jeung unkarana.

Dumasar kana kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Ngawanohkeun yén dina basa Sunda aya mamans basa anu disebut purwakanti;
- 2) ngalatih kaparigelan basa siswa utamana dina widang nulis jeung nyarita;
- 3) purwakanti nu nyangkaruk dina carita pantun *Budak Mandjor* bisa dipaké pikeun kabutuhan siswa dina ngolah kekecapan basa Sunda; jeung
- 4) guru salaku evaluator bisa ngukur kamampuh siswa dina nyangking panagajaran basa.

Sabada nengetan, nganalisis, jeung ngalarapkeun purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor*, dipiharep siswa mampuh ngaronjatkeun kaparigelanna, saperti ieu di handap.

- 1) Maham kana gaya basa purwakanti, utamana kana papasingan wandana.
- 2) Parigel dina nyieun kalimah anu ngandung purwakanti.
- 3) Parigel dina nulis jeung nyarita anu ngandung purwakanti, salaku mamans basa sarta ngagunakeun basa Sunda anu leuwih merenah.

5.3 Rékoméndasi

Erna Ervilyana Rulita, 2017

PURWAKANTI DINA CARITA PANTUN BUDAK MANDJOR PIKEUN BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan kakara dipedar wanda purwakanti dumasar kana pamarekan stilistika. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan purwakanti ngagunakeun élmu séjénna.

Kadua, panalungtikan ngeunaan purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor* euyeub pisan. Sajaba tina carita pantun, purwakanti bisa kapanggih dina rupa-rupa wangun karya sastra, boh ugeran boh lancar, bisa ogé kapanggih dina kagiatan komunikasi sapopoé upamana nalika gunem catur, biantara, ngeMC, jeung sajabana.

Katilu, pamakéan purwakanti dipiharep bisa dihirupkeun deui dina kahirupan sapopoé ngaliwatan pangajaran sastra jeung budaya Sunda.